

**DEPATMAN-DETA ETA NEW YORK (NYS DEPARTMENT OF STATE) -
DIVIZYON DISTRIBISYON LISANS (DIVISION OF LICENSING SERVICES)**

**LIS TOUT SA POU FÈ NAN PRATIK ESPESYALITE
NAN ZONG POU PWOSEDI EGZAMEN**

Egzamen sa a ap pran apeprè 2 ½ èdtan pou fè li. Nou bay yon sèten kantite tan pou chak pwosedi jan sa endike anba la a; ou pral demontre pwosedi sa yo sou yon modèl vivan ou dwe bay. Egzaminatè a ap bay enstwiksyon yo aloral anvan demonstrasyon chak pwosedi. Nou mande pou ou pratike sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout tan w ap fè egzamen sa a. Nòt pou pase pou egzamen pratik espesyalite nan zong se 70 pousan.

**Preparasyon Tab (15 minit)
N ap Evalye 10 Travay**

Enstwiksyon Aloral:

"Nou Kontan Wè ou nan Egzamen Pratik Espesyalite nan Zong. Premye pòsyon egzamen an se preparasyon tab la. Kòmanse prepare sache ou pou mete dechè epitou kòmanse dezenfekte sifas travay ou. Modèl ou pral mande ou pou chita apre ou fè dezenfeksyon sifas travay ou. Answit w ap prepare de resipyan ou yo ki make "pwòp" ("clean") ak "sal" ("dirty") ak tout zouti ak materyèl ki nesèsè pou fè pòsyon egzamen an. W ap itilize dlo nan boutèy espere a pou ranpli rens-dwèt ou men ou p ap kòmanse maniki a jouk lè ou resevwa enstwiksyon pou fè sa. Tanpri mande modèl ou pou kanpe lwen tab la jouk lè li mande ou pou chita. Lè ou fini, tanpri rekile epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 15 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Moun ki aplike a òdone, pwòp epi abiye kòm sadwa (*yon rad pwòp ki ka lave obligatwa*)
- 2) Men ak zong modèl la fèt pou pwòp epi san okenn maladi zong, twoub oswa chòk vizib ki ta dwe entèdi sèvis la
- 3) Nou bay twal pou netwayaj yon sèl fwa ak yon solisyon dezenfektan sifas ki melanje davans epi ki asosye avèk endistri a (ki make epi ki nan resipyan espere)
- 4) W ap aplike solisyon dezenfektan sifas la yon fason pou li kouvri tout sifas pòs travay la epitou pòs la sèch nèt anvan ou kòmanse
- 5) Yon sache plastik ki ka fèmen pou mete dechè tache sere nan yon bò pòs travay la nan limit men ou ka rive epi ou itilize li pou jete tout materyèl sal pou jete pandan pwosedi sanitasyon an
- 6) Nou bay yon dezenfektan Ajans Pwoteksyon Anviwònman (United States Environmental Protection Agency (EPA)) Etazini apwouve ki nan yon resipyan ki make "sal" ("dirty") (ki make aklè ak kòm sadwa kòm yon dezenfektan), avèk ase solisyon pou plonje zouti yo nèt apre ou itilize yo
- 7) Ou te pote zouti yo nan sant egzamen an nan yon resipyan kouvri ki make "pwòp" ("clean")
- 8) Nou bay yon sache plastik ki ka fèmen ak yon resipyan plastik solid pou sizoka gen kontaminasyon san
- 9) Nou bay tisi-eponj epi nou mete yo nan mitan tab la kòrèkteman
- 10) Materyèl yo ranje nan yon manyè ki òdone ak lojik (pa egzanp, yo gwoupe pou lòd/kalite itilizasyon an); nan direksyon bò tab la pou pèmèt aksè pwoteje ak fasil pou kliyan an; ou PA dwe mete materyèl yo sou twal la; ou PA dwe mete yo toupre pwent tab la yon fason pou yo pa tonbe fasil

Maniki Debaz ak Preparasyon pou Lòt Maniki (20 minit)

N ap Evalye 20 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Pwochen pòsyon egzamen an se maniki debaz ak preparasyon pou lòt pwosedi yo. Ou pral kòmanse dezenfekte men ou ak men modèl ou. Answit, bay zong yo fòm nan yon men, epi tranpe men an pandan w ap bay zong yo fòm nan dezyèm men an. (Nòt: Pa tranpe dezyèm men a paske zong yo pral resevwa pwosedi avanse pita.) Fè kouch po premye men an vin mou epi pouse kouch yo tounen nan toulède men yo. Answit, lè ou resevwa enstwiksyon, w ap fè masaj nan men ak bra men ki te tranpe a. Ou dwe demontre omwen yon minimòm de mouvman masaj. W ap kontinye masaj la jouk lè ou resevwa enstwiksyon pou kontinye. Answit, w ap retire tout film ki nan zong toulède men yo epi w ap flite tout zong yo avèk yon antiseptik zong. Answit, poli men ki te tranpe a pou fè li briye, epi poli oswa pase chifon nan zong men ki pral resevwa pwosedi avanse yo pou retire ekla a. Answit ou ka retounen nenpòt materyèl nan twous ou ki pa nesesè ankò epitou ou ka prepare materyèl yo pou fè pòsyon aplikasyon pwent zong ak kouch nan egzamen an. Ou ka vide dlo ki nan rens-dwèt ou nan tisi-eponj ize ki nan sache dechè ou. Lè ou fini, tanpri rekile epi rete tranpil pou tann lòt enstwiksyon egzaminatè a. Ou gen 20 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Nou bay yon ajan sanitasyon po apwopriye, ki make epi ki nan anbalaj orijinal la
- 2) Moun ki aplike a ap dezenfekte men li ak men modèl la avèk ajan sanitasyon dapre enstwiksyon fabrikan an
- 3) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti ki apwopriye pou maniki apwopriye; li pa dwe itilize sa pou jete apre itilizasyon
- 4) Moun ki aplike a bay zong yo fòm nan depi yon men modèl la pou rive nan lòt men an, pou pase lim nan zong modèl la ant pwent deyò a ak chak zong; li dwe pase lim nan avèk mouvman ki estab ak lis; li PA dwe pase lim nan twò vit; plak zong lan PA dwe limen pandan l ap bay zong yo fòm
- 5) Tout dis zong fini yo fèt pou lis, san pwent ki wonyen; tout dis zong fini yo fèt pou gen fòm simetrik epitou yo fèt pou gen fòm ak longè ki sanble
- 6) Nou bay yon rens-dwèt ki prepare nan yon manyè sanitè avèk bon jan kantite dlo ak/oswa savon; men modèl la fèt pou pozisyon kòrèkteman nan rens-dwèt la; modèl la fèt pou alèz pandan men li ap tranpe
- 7) Apre men modèl la tranpe, men fèt pou seche nèt avèk yon sèvyèt pwòp
- 8) Ou fèt pou aplike adousisè kouch po nan yon manyè sanitè (pa egzanz, espatil, bwa zoranj ki gen pwent koton) epi ou fèt pou aplike li nan chak zong men k ap resevwa maniki dlo a nan mouvman lejè ak sikilè, pou travay nan direksyon kouch po a epi pou kouvri tout zòn ki nesesè yo
- 9) Ou dwe kenbe pouswa kouch po a kòrèkteman epitou ou dwe pouse kouch po yo dousman nan plak zong lan; modèl la pa dwe montre siy malèz; ou PA dwe koupe kouch po yo
- 10) Moun ki aplike a ap mete losyon oswa lwil masaj la nan men li nan yon manyè sanitè (pa egzanz, espatil, boutèy mou)
- 11) Moun ki aplike a ap itilize toulède men li pou fè mouvman masaj yo epi pou fè tout mouvman yo dousman (sifas sèlman)
- 12) Ou dwe demontre omwen de mouvman masaj nan men an ak bra a pou yon total youn a de minit
- 13) Ou dwe retire tout film nan zong yo ak nan kouch po yo avèk yon lenjèt ki pa gen fib, bwa zoranj ki gen pwent koton avèk pwodui pou retire vèni oswa astrenjan, elatriye.
- 14) Ou dwe itilize yon poliswa twa tèt (oswa lòt poliswa apwopriye) pou poli zong k ap resevwa maniki dlo pou pwodui yon ekla; ou dwe kenbe poliswa a kòrèkteman epi ou dwe fè mouvman nan baz la pou retire pwent nan yon modèl "X"; polisaj fèt pou lejè yon fason pou li pa lakòz malèz akòz fwotman/chalè
- 15) Polisaj la ap pwodui yon ekla nan tout senk zong k ap resevwa maniki dlo a
- 16) Ou dwe itilize yon lim apwopriye pou retire ekla a nan tout senk zong men an ki pral resevwa pwosedi avanse yo; ou pa dwe itilize presyon ekstrèm pou retire vèni an.
- 17) Ou dwe retire ekla a nan tout senk zong men k ap resevwa pwosedi avanse
- 18) Ou dwe pase antiseptik zong nan yon manyè sanitè (pa egzanz, avèk yon bwa zoranj oswa espre) swa anvan oswa apre polisaj
- 19) Pandan tout maniki a, pwosedi masaj ak polisaj la, ou dwe kenbe men modèl la sere men alèz; modèl la dwe alèz pandan pwosedi yo
- 20) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout aspè pwosedi maniki a

Aplikasyon ak Fasonaj Pwent (25 minit)

N ap Evalye 10 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Pwochen pòsyon egzamen an se aplikasyon ak fasonaj pwent lan. Ou pral chwazi ak aplike twa pwent nan nenpòt twa dwèt men an ki PA T tranpe. Ou ka chanje fòm pwent yo pou konfòme nan gwosè zong modèl ou. Lè ou aplike pwent yo, melanje epi fè fasonaj chak pwent lan. Lè ou fini, tanpri rekile epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 25 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Moun ki aplike a dwe bay tout materyèl ak zouti pou fè pwent zong yo nesèsè pou fè aplikasyon pwent ak fasonaj la
- 2) Ou dwe aplike chak pwent nan yon ang 45 degre epi ou dwe peze sere men dousman nan zong pandan apeprè 10 segonn jouk lè li sere; pwent yo pa kouvri plis pase yon mwayen plak zong lan
- 3) Pwent yo antre nan tout twa zong yo kòrèkteman ant yon pawa panche ak yon lòt pawa panche pa kouche sou nenpòt pati nan po a; fòm chak pwent konfòm, oswa li chanje kòrèkteman pou konfòme, nan zong natirèl la
- 4) Ou dwe mete adeziv sou plak zong lan oswa nan zong lan byen nan yon manyè sanitè (avèk pwent resipyan, bwa zoranj lan, elatriye); moun ki aplike a dwe gen kontwòl konplè adeziv la pandan chak aplikasyon (adeziv la PA dwe tonbe, antre nan kouch po a oswa nan po modèl la oswa moun ki aplike a, liy yo PA dwe plen avèk lakòl akòz twòp lakòl, elatriye.)
- 5) Tach blan oswa ti boul lè pa DWE prezante sou nenpòt pwent
- 6) Ou dwe taye pwent zong yo kòrèkteman, ant yon bò ak yon lòt bò avèk gwo pens, oswa tèt la avèk biren pwen; ou dwe limen nan yon mouvman efikas (siyaj/ale-retou)
- 7) Lè w ap melanje chak pwent, ou dwe kenbe lim nan plat nan plak zong lan yon fason pou PA domaje plak la
- 8) Apre ou melanje chak pwent, okenn liy vizib pa dwe prezan; ou PA dwe itilize yon pwodui pou melanje likid
- 9) Tout twa pwent fini yo fèt pou lis san pwent ki wonyen epi yo tout dwe gen fòm simetrik epitou yo fèt pou gen fòm ak longè ki sanble
- 10) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout pwosedi aplikasyon pwen lan

Aplikasyon Kouch (30 minit)

N ap Evalye 10 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Pwochen pòsyon egzamen an se aplikasyon kouch ki gen ladan aplikasyon kouch an swa ak fib vè nan de zong ki gen pwent. Ou pral kòmanse koupe kouch yo an fòm debaz obligatwa epi aplike yon swa sou yon zong. Menmsi premye kouch la ap seche, pase kouch fib vè. Ou DWE itilize yon aktivatè pandan pwosedi fib an vè a. Ou PA ka itilize aktivatè a pandan pwosedi kouch an swa. Ou pral fè pòsyon sa a nan egzamen an depi ou fòme ak poli toulède zong ki vlope yo. Lè ou fini, tanpri rekile pou endike ou fini epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 30 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Nou bay twal, adeziv ak aktivatè apwopriye (pou aplikasyon fib vè sèlman), sizo ak abrazif
- 2) Ou dwe koupe toulède twal yo nan yon lajè ak fòm plak zong lan apeprè anvan aplikasyon an
- 3) Pandan tout aplikasyon yo, ou dwe aplike kouch adeziv mens sèlman nan sifas zong yo nèt, pou travay nan mitan yo pou rive nan kouch po yo, avèk pwent aplikatè a; adeziv la PA dwe antre nan kouch po oswa po modèl la oswa moun ki aplike a nenpòt lè pandan aplikasyon an
- 4) Ou dwe mete toulède twal yo kòmsadwa sou zong yo (avèk dwèt ou, pens yo, selofàn nan, elatriye) epi ou dwe taye twal anplis la nan zong lan pou li mezire apeprè 1/16 pous ant pawa yo ak pwent lib la
- 5) Ou dwe itilize aktivatè a SÈLMAN pandan aplikasyon fib vè a
- 6) Lè w ap aplike aktivatè a pandan kouch fib vè a ou dwe kenbe li nan distans kòrèk la dapre enstwiksyon fabrikan an epi ou PA dwe itilize li twòp; pandan w ap itilize aktivatè a, modèl la PA dwe gen malèz ki pa nesèsè
- 7) Toulède kouch yo dwe lis, san rid ni ti boul lè
- 8) Ou dwe itilize yon abrazif apwopriye pou fòme ak rafine zong vlope yo; ou dwe itilize lim yo san pwoblèm
- 9) Ou dwe itilize yon poliswa twa tèt oswa yon poliswa blòk yon fason altènatif sou zong vlope yo pou pwodui yon ekla siperyè; ou PA dwe itilize poliswa a tèlman fò pou li wonje ak febli kouch la

10) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout pwosedi aplikasyon kouch la

Aplikasyon Akrilik (30 minit)

N ap Evalye 15 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Pwochen pòsyon egzamen an se aplikasyon akrilik ki gen ladan yon randui akrilik ki aplike nan yon zong ki gen pwent ak yon zong eskilpte sou yon fòm. Zong ki eskilpte a kapab swa yon koulè oswa de koulè. Kòmanse retounen nenpòt materyèl nan twous ou ki pa nesèsè ankò epi prepare materyèl akrilik ou yo. Answit w ap prepare pwodui likid ak poud ou epi aplike kouch primè a nan toulède zong yo. Eskilpte zong natirèl la anvan; pandan zong ki eskilpte a ap seche, aplike yon kouch akrilik nan zong ki gen pwent lan. Retire fòm nan epi fasone zong ki eskilpte a; answit fasone zong ki te resevwa kouch akrilik la. Poli toulède zong akrilik yo epi pase lwil ladan yo, epi pou prepare espas travay ou pou pase vèni an. Lè ou fini, tanpri retounen dèyè pou endike ou fini epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. Ou gen 30 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Nou bay tout kouch primè, poud ak likid akrilik, bòl, fòm zong yo, bwòs yo, elatriye
- 2) Ou dwe vide pwodui likid ak poud akrilik la nan twa resipyan apa san ou pa vide ni itilize kantite ki apwopriye pou de zong
- 3) Ou dwe kite resipyan ki gen pwodui likid ak poud akrilik la kouvri lè ou p ap itilize yo
- 4) Ou dwe aplike kouch primè a avèk aplikatè apwopriye avèk anpil moderasyon, SAN kouch primè a pa touche rad, po oswa kouch po modèl la oswa moun ki aplike a
- 5) Ou dwe kite kouch primè a lwen pwent tab la lè ou pa kenbe yo nan men ou; ou dwe fèmen boutèy kouch primè a sere lè ou p ap itilize li
- 6) Ou dwe kite kouch primè ki sou toulède zong yo seche nèt (blan lakrè, briye selon pwodui a)
- 7) Fòm zong pou zong ki eskilpte a antre byen anba pwent lib la, nivo ki gen zong natirèl la, epi li PA koupe nan po a
- 8) Ti boul ki gen gwo piti, mwayen oswa gwo yon fason apwopriye fòm lè ou tranpe bwòs la nan likid la, answit nan poud la; tout boul akrilik yo gen konsistans apwopriye yon fason pou yo konfòm avèk bwòs la/yo pa tonbe sou bwòs la lè ou mete bwòs la nan zong lan
- 9) Ou dwe mete premye ti boul akrilik la sou pwent lib pwent lan epi ou dwe travay li nan zòn pwent lib la nan direksyon plak zong lan; ou dwe travay ti boul akrilik apre yo nan mitan zong lan nan direksyon pawa yo ak kouch po a; lè w ap travay pwodui akrilik la, ou dwe kenbe bwòs la yon fason ki paralèl avèk pwent lan epi ou dwe itilize ti kou avèk tanpon oswa ti tap olye ti kou avèk bwòs la
- 10) Akrilik la PA antre nan kouch po a ni nan po a
- 11) Ou dwe retire fòm ki nan zong eskilpte a sèlman apre ou tcheke zong lan seche nèt (fè son klik lè ou tape yo yon jan lejè)
- 12) Kouch fransè fini yo swiv pwent lib natirèl yo pou yon aparans natirèl
- 13) Apre aplikasyon lwil la ak polisaj minimòm nan, tout sifas zong fini an lis, san ti boul ni pli epi li pa gen pwent ki wonyen; pi mens nan direksyon kouch po a, pwent lib ak pawa pou yon aparans natirèl (arebò c); simetrik epi gen longè ak fòm sanblab avèk lòt de zong yo (ou dwe itilize yon lim maniki apwopriye pou fasonaj la)
- 14) Ou dwe retire/netwaye pousyè ak rezidi anvan ou kòmanse avèk aplikasyon vèni an
- 15) Ou dwe konfòme ou avèk kontwòl sekirite ak enfeksyon pandan tout pwosedi aplikasyon akrilik la

Aplikasyon Vèni ak Netwayaj (15 minit)

N ap Evalye 5 Travay

Enstwiksyon Aloral:

"Dènye pòsyon egzamen an se aplikasyon vèni ak netwayaj. Ou pral kòmanse aplike yon kouch debaz, de kouch koulè ak yon kouch vèni anlè nan tout dis zong yo; sonje pou retire nenpòt vèni sou po oswa nan zòn kouch po a si li nesèsè. Lè ou fini aplikasyon vèni an, netwaye espas travay ou epi re-anbale tout materyèl yo. Lè ou fini, tanpri rekile pou endike ou fini epi rete trankil pou tann lòt enstwiksyon yo. L ap fè ou konnen kilè ou ka kite espas travay ou, epi lè ou prale, w ap gen pèmisyon pou jete sache dechè ou yo pandan w ap kite sal egzamen an. Ou gen 15 minit pou fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

- 1) Nou bay vèni ki kòrèk; ou dwe aplike li an kouch mens ak inifòm avèk ti kou minimòm (3-5) ki kòmanse nan mitan zong lan; travay ant kouch po ak pwent lib la
- 2) Si vèni an touche po a oswa kouch po a, ou dwe retire li avèk bwa zoranj ki gen pwent koton men PA avèk dwèt ou
- 3) Zong fini yo pa gen ti boul lè, liy, ti boul oswa tach vèni manke ki vizib akòz move aplikasyon
- 4) Ou pa dwe kite vèni sou po a oswa sou kouch po yo lè aplikasyon vèni an fini
- 5) Ou dwe anbale tout materyèl ak zouti yo epi ou dwe jere yo kòrèkteman (ou te dwe mete zouti kontamine yo nan resipyan "sal" ("dirty")) epi ou dwe kite espas travay ou nan yon manyè ki pwòp ak òdone

SA OU DWE DI KANDIDA YO LÈ YO PRALE:

Mèsi paske ou vini. N ap fè ou konnen nan imèl lè rezilta egzamen an disponib. Ou dwe konekte nan kont Sant Lisans Eta New York (NYS License Center) ou pou wè rezilta yo anba seksyon Egzamen. Si ou pase egzamen jodi a epi si ou te pase egzamen ekri a, w ap resevwa lisans ou pa lapòs. Si ou pa pase egzamen jodi a, oswa si ou bezwen pran egzamen ekri a, w ap gen obligasyon pou pwograme li epi peye sou entènèt pou pwochen egzamen ou. Bòn chans!